

KONKOU PWEZI KREYOL
INISYATIV TAS KAFE
NICKY MIX AK JENNY
RADIO MEGA
Mwa Me 2006

Literati Kreyòl nan Miyami

PWOSE VÈBAL

Noumenm Jan Mapou, Kiki Wainwright ak Mireille Sylvain-David manm jiri pou konkou Pwezi Kreyòl ki te òganize nan mwa Me, Mwa Eritaj Ayisyen nan Miyami deklare:

Nou resevwa 15 powèm nan youn konkou pwezi "Tas-Kafe" òganize nan Mwa Me 2006. Nou resevwa 15 Tèst ak youn CD ki gen vwa 15 otè yo sou li. Men non ki parèt sou lis powèt yo:

- **Ron Lucronel ak powèm : Doulè midi**
- **Wesner ak powèm: Haiti**
- **Natasha ak powèm : Pito m'pa pale**
- **A. Fouad ak powèm: Van vini men Ayiti**
- **Ernst Registre ak powèm : Krim ak Dwòg**
- **Tamy ak powèm : Haiti peyi-m**
- **Brunine ak powèm : Chimè**
- **Ambroise ak powèm : Nèg lakay**
- **Underscore ak powèm: Ban-m peyim**
- **Gesler ak powèm : Rasanble**
- **Roudline : Ou se fyète-m**
- **Ose ak powèm ; Pòdyab Haiti**
- **Ben ak powèm : Haiti fwa sa-a**
- **Ernst V. ak powèm : Doulè Ayiti**
- **Christophe ak powèm: Ayiti Mwen rayi-w**

Pou nou te chwazi loreya yo, Jiri-a te chita sou senk manman prensip sa-a yo:

- 1.) **Teknik ekriti lanng "Kreyòl" powèt- yo itilize-a**
- 2.) **Konpozisyon fraz pwetik yo**
- 3.) **Imaj pwetik ki degaje nan powèm yo**
- 4.) **Mizikalite nan tèks pwetik yo**
- 5.) **Mesaj tèks pwetik yo pote.**
- 6.) **Diksyon – vokal sou CD-yo**

Apati prensip sa-a yo nou klase powèm yo epi nou koumanse delibere. Deliberasyon-an dire kèk jou. Travay la pa te fasil paske majorite powèm yo te an konpetisyon youn ak lòt onivo pwetik, mesaj ak diksyon. Nan 15 powèm yo, nou te gen misyon pou nou chwazi 5. Kidonk nou etidye yo youn apre lòt e nou elimine yo baze sou kritè nou site pi wo-yo.

Si gen powèm ki pa pran premye pri yo, sa pa vle di powèm sa yo pa bon, sèke pou youn rezon osnon pou youn lòt sa ki genyen yo fè plis pwen nan teknik koreksyon nou te itilize pou nou te jwenn loreya yo:

Kidonk, apre deliberasyon jiri-a deklare 5 powèt nou site la-yo Loreya nan konkou pwezi Radyo-Mega te òganize:

Premye Loreya:

Gesler Mesidor(deep & thought) ak powèm: <<RASANBLE>>

2èm Loreya:

Natasha Clergé ak powèm : PITO M'PA PALE

3èm Loreya:

Brunine David ak powèm : CHIMÈ

4èm Loreya:

N VINI...MEN

YETE-M

Wainwright,

KIKI WAINWRIGHT
FÈ DEKABÈS

Pwezi an Franse sou CD
Prefas: Doktè Gérard Campfort

3èm Pati.

Li kòmansman atik sa-a nan jounal HEM pase yo

...Pourquoi cette insécurité et cette impunité chroniques sont-elles à la fois voulues et acceptées ? Accédant au pouvoir grâce aux subterfuges de leurs complices dans la classe politique, nos dirigeants, généralement incompétents, ont imaginé de mettre sur pied des bandes armées pour terroriser la population et se maintenir en poste le plus longtemps que possible. Rappelons que l'incompétence et la sottise sont les critères les plus sérieux pour la victoire d'un candidat à la présidence d'Haïti, tandis que certains citoyens et citoyennes intelligents ou se croyant tels se tiennent à l'arrière-plan pour tirer les ficelles. Le docteur François Duvalier – pour ne pas remonter trop loin dans notre histoire - qui avait bien compris ce jeu dont il était bénéficiaire professait qu'*en politique, la reconnaissance est une lâcheté*. Non seulement, il avait exilé ou tué *les faiseurs de présidents* de son temps, mais il avait créé un corps paramilitaire en uniforme bleu pour terroriser la population et annihiler toute tentative de résistance. Ce qui se passe de nos jours est plus grave, beaucoup plus grave. Les bandes armées continuent d'exister, mais elles n'ont pas d'uniforme. Ainsi, elles sont plus dangereuses parce qu'elles sont, a priori, invisibles.

Si, dans les années soixante et soixante-dix, on les appelait *les Volontaires de la Sécurité Nationale*, la désignation actuelle de ces bandes, tout en étant appropriée, est horrible : *armée cannibale, domi nan bwa*, etc. Dans les conditions de création et d'exercice de ces groupes, il est normal que l'impunité soit de mise. Sinon, où seraient les bases, les fondements de ces sortes de pouvoir ? Il est normal aussi qu'ils crient très fort, qu'ils fassent une propagande éhontée pour réduire ou pour tenter de réduire au silence tous les autres secteurs de la société. Mais il ne faut pas que les poètes se taisent. Evidemment, *la tempête des foules* de propagandistes est, quelquefois, plus forte que la voix des poètes, et ces derniers peuvent choisir momentanément de se taire. Mais il est impératif, durant les temps de débâcle surtout, que les poètes élèvent leur voix, car leur chant, plus profond que l'écho des paroles quotidiennes, doit éveiller les êtres humains à eux-mêmes et à la certitude d'une meilleure destination. Il est impératif, durant les temps de détresse, que les poètes parlent, car l'insécurité et l'impunité sont inacceptables. Elles signifient clairement, du point de vue du pouvoir, que la vie des autres n'a aucune importance, aucun sens et qu'on peut les tuer comme on abat un chien enragé.

Le jugement qu'André Malraux exprime au sujet des « patrons des usines de rêves » peut s'appliquer à merveille à nos dirigeants politiques : « ils ne sont pas sur la terre pour aider les hommes, mais pour gagner de l'argent ». Kiki Wainwright, dans le fond, pense qu'ils sont pires. Il les considère comme des *vampires*, c'est-à-dire des êtres qui ne sont pas comme nous, les humains. Ce sont des individus qui appartiennent à un autre monde, plus proche du crime et de la mort, et qui en sortent souvent pour sucer le sang des vivants et, ainsi, les tuer ou les laisser pour morts.

Nos dirigeants ne sont pas, cependant, les seuls responsables du désastre de notre pays. On ne peut ignorer l'œuvre néfaste des grandes puissances sur sa destinée durant près de deux siècles. Et cette œuvre a pris des formes diverses et des visages différents depuis la dette de l'indemnité imposée au gouvernement de Jean-Pierre Boyer jusqu'à la *démocratie* imposée, elle aussi, à la fin du siècle dernier par notre puissant Voisin sous l'administration du « grand frère, William J. Clinton... ». Les poèmes de la troisième partie du recueil, rangés sous le titre de **Le Caméléon**, concernent ce Voisin et lui trouvent des traits à définir plusieurs de ses traits : d'abord loup, loup-garou, aigle, araignée, et sous ces termes, caméléon me semble le plus approprié car non seulement il n'exclut pas les autres, mais il se déguise en quelque manière. A Suivre

Gérard Campfort

Kapite Antèn Koukouy : Radyo Mega
1020 AM chak dimanch 9-10AM

An jeneral se òganizasyon ki mennen youn kominote. Kit se òganizasyon kiltirèl, sosyal, ekonomik, politik relijye elatriye. Mouvmman sa yo se siman ki kenbe moun nan kominote yo ansanm. Se lakòlfòt ki makònèn vil yo ak nasyon yo.

Si nou chita sou kominote ayisyen nan Miyami-an, nou ka di nou chaje ak òganizasyon kab delivre sèvis, ede moun ki bezwen entegre yo nan sosyete-a osnon ki vin detache paske sityasyon yo vin chanje e ki bezwen re-adapte yo. Nan domèn kiltirèl ak literè gen òganizasyon ki tounen youn pon, youn koneksyon ki ap fouye listwa pou mete zòt fasafas ak devwa yo, ak obligasyon yo. An nou pran youn òganizasyon tankou Haitian American Historical Society. (Société d'Histoire Haitiano-Américain) Oganizasyon sa-a kreye an 2001. Fondatè-a se *Daniel Fils-Aimé*. Pwofesè istwa Jean-Claude Exilien ak Etnològ Claude Charles ak tandòt ankò ap kore depi premye jou li derape..

RANDEVOU SAVANA
NAN DE MWA

Ide fonde òganizasyon sa-a vin jèmen nan tèt Daniel apre youn konvèsasyon sou wòl ayisyen te jwe nan Savana. Konvèsasyon sa-a te fèt ak Richard Chinoster prezidan komite direksyon Ralph Mark Gilbert Civil Rights Museum Daniel ak kèk zanmi istoryen monte Haitian American Historical Society-a ak misyon pou fouye listwa, chache pou jwenn pwen ki konekte Ayiti ak lòt peyi nan lemond epi fè demach pou resisite yo pou bèl mèvyè sa yo pa disparèt nan loubli. Istwa Ayisyen nan peyi Etazini an Ekzanp dwe pale. Fòde Ayisyen ki fèt isit ak etranje bègwè konnen ki kontribisyon nou te pote nan fondasyon sosyete meriken-an.

Eske nou konnen se youn Ayisyen ki rele Jean-Baptiste Pointe de Sables ki te derape vil Chicago?

Eske nou konnen premye timounn ki fèt Chicago se pitit youn Ayisyen ak youn endyen?

Eske nou konnen premye biznis brikabrak ki monte Chicago se pou youn Ayisyen li te ye...

Eske nou konnen te gen 1.500 Ayisyen (Chasè Volontè)ki te pran bato ak kont Desten pou t'al ede lame meriken-an Angle yo t'ap trangle nan Savana nan eta jòji?

9 OKTÒB 2006 INOGIRASYON
MONIMAN AYISYEN
NAN SAVANA

Ki kote HAHS ye ak pwojè-a jounen jodi-a? Moniman te dwe pare depi lane pase. Men anpil moun pwomèt epi yo fè wonbèbè; yo pa janm lage youn penich wouj nan godèt mesye-dam yo. 2 gouvènman ayisyen pase (Aristide, Latortue), tout fè bèl pwomès anyen tonton. Gen etranje ki fè bèl jès epi apre yo derespekte òganizasyon-an ansanm ak chèmann lan. Konsa, pwojè-a ap trennen. Inogirasyon-an te dwe fèt 9 oktòb 2005 jou yo fete batay Savana-a. Inogirasyon-an te blije ranvwaye.

Nan adisyone peni, ak volonte kèk Ayisyen konsekan, ak sipò kèk etranje ki konprann enpòtans pwojè-a, ak ankourajman kèk komisyonè vil Miyami, gwo jefò ap fèt pou wè si 3 nan 6 estati yo annatandan lajan-an kont pou monte 3 lòt yo. Tout pwojè-a ap koute 600.000 dola. Vil Savana ap bay youn teren ki ka koute 2 a 3 milyon dola, y'ap prepare pyedestal la, mete flè, dekore-l jan nou vle... sèl sa yo mande se pou kominote-Ayisyen fè jès peye atis k'ap fè estati yo.

Mounn ki bay lajan y'ap mete non yo, non biznis yo, non fanmi yo osnon non òganizasyon yo... Patisipe se imòtalize non nou. Patisipe s'oun devwa sivik. Patisipe, s'oun devwa patriyotik. Soun eritaj n'ap kite pou timounn yo. S'oun fyète pou noumenm Ayisyen.

E ki avantaj sa genyen pou Ayisyen?

Pou koumanse kite-m di nou Pwojè Savana-a se pa ni pwojè youn mounn ni youn gwoup mounn; se oun pwojè ayisyen pou leve diyite ak prestij tout Ayisyen kit se te an Ayiti kit se nan Dyaspora-a. Granmounn kou timounn.

Ki avantaj l'ap genyen pou nou ankò?

-Istwa 1,500 Ayisyen ki te kite Ayiti al Savana ede Meriken nan batay endepandans yo ap rete vivan. Nan pwen okenn istoryen osnon mounn ki ka oze kesyonnen patispasyon ayisyen yo nan batay Savana-a.

- Si Meriken onore Franse yo, Polonè yo, Angle yo, Esklav ki t'ap goumen sou kote yo ak pwomès pou yo te ba yo libète.. enben jounen jodi-a nou tou, nou mande pou yo onore frè nou yo. Zansèt ayisyen yo ki te gen san koule, ki te goumen rèchchè ak Angle yo anba kout woulman tanbou Henry Kristòf e ke se gras ayo si Meriken te re-organize yo pou te genyen batay Pennsikola-a. (Asuiv)

Jan Mapou